



Pou Piblikasyon Imedya: 20/01/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE DISPONIBILITE 7.5 MILYON DOLA POU  
PWOGRAM TRETMAN OPYOYID YO**

*Sibvansyon pou etabli sèvis biprenòfin nan yon sèy ki ba pral premye sèvis yo  
bay gras ak Fon Règleman Opyoyid Eta a*

*Finman sipòte apwòch konplè pou redui dòz eksef fatal epi fè fas ak kriz  
opyoyid New York la*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a [disponiblite](#) jiska 7.5 milyon dola pou founisè ki sètifye nan eta a ak lòt pwogram tretman pou etabli sèvis biprenòfin nan yon sèy ki ba pou adrese adiksyon opyoyid epi sove lavi yo. Jere pa Biwo pou Sèvis ak Sipò pou Adiksyon (Office of Addiction Services and Supports, OASAS), sibvansyon yo pral premye ki eksplwate Fon Règleman Opyoyid (Opioid Settlement Fund) Eta New York la epi yo pral ede devlope jiska 15 pwogram k ap ofri tretman sa a ki san danje epi efikas pou maladi ki lye ak itilizasyon opyoyid.

"Twòp Nouyòkè te pèdi anba flewo dòz eksef opyoyid ak adiksyon an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Finansman sa a, atravè Fon Règleman Opyoyid la, pral ede pote nouvo espwa bay moun ki gen difikilte ak maladi itilizasyon sibstans, retire baryè nan tretman ki vital yo, epi chanje tandan kriz opyoyid la nan eta nou an."

Finansman pral bay jiska 500,000 dola pou 15 pwogram nan tout eta a pou ofri sèvis biprenòfin nan yon sèy ki ba. Founisè tretman ke OASAS sètifye yo, klinik Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) eta a, lopital yo, pwogram sèvis sereng yo, ak pwogram rediksyon domaj yo elijib pou aplike pou finansman an.

Pandan ke biprenòfin se yon fason ki san danje epi efikas pou trete maladi ki lye ak itilizasyon opyoyid, anpil founisè gen kondisyon rijid pou antre ak kontinye tretman, sa ki finalman limite kantite moun ki resevwa medikaman sa a. Sèvis konplè nan yon sèy ki ba pral ede rezoud pwoblèm sa a lè yo pèmèt nan menm jou a, tretman biprenòfin imedya ak sèvis jesyon swen yo.

**Komisè Biwo Sèvis ak Sipò pou Adiksyon (Office of Addiction Services and Supports, OASAS) Eta New York la, Chinazo Cunningham, te deklare,** "Sèvis nan yon sèy ki ba anrasinen ak principi rediksyon mal ki enkli tretman menm jou

a, yon apwòch ki pa baze sou jijman, fleksibilite nan preskri medikaman, e fè medikaman lajman disponib nan kote ki rive atenn moun yo kote yo ye. Inisyativ sa a fè pati angajman kontinyèl OASAS pou asire ke popilasyon ak kominote yo atravè eta a gen aksè ekwitab ak sèvis ak sipò enpòtan pou trete maladi ki lye ak itilizasyon opyoyid."

Eta New York te resevwa plis pase 2 milya dola atravè divès kalite akò règleman ak fabrikan opyoyid yo. Yon pati nan règleman sa yo prale dirèkteman nan minisipalite yo, epi y ap depoze rès la nan yon fon dedye pou sipòte prevansyon, tretman, rekiperasyon, rediksyon domaj, ak efò edikasyon pou adrese epidemi opyoyid kontinyèl la.

Menm lejislasyon an ki te etabli fon dedye a te kreye tou Komite Konsiltatif Fon Règleman Opyoyid la, ki gen responsablite pou l fè rekòmandasyon sou fason yo ta dwe asiyen dola règleman yo pou pi byen sèvi moun ki nan bezwen yo. Manm konsèy yo te bay premye rekòmandasyon yo 1e novanm, yo te idantifye ekspansyon sèvis rediksyon domaj yo kòm yon pi gwo priyorite.

New York te kontinye lite ak lanmò ki gen rapò ak opyoyid an 2021, ak fentanil kounye a ki enplike nan pifò lanmò dòz eksèsif nan tout eta a, dapre yon [rapò](#) ki pibliye pa Depatman Sante eta a semèn sa a. Lòt dekouvèt kle yo gen ladan yo:

- 4,766 lanmò nan dòz eksèsif ki enplike opyoyid, yon ogmantasyon 14 pousan pa rapò ak ane anvan an.
- 10,430 vizit nan depatman ijans pou pasyan ekstèn akòz dòz eksèsif opyoyid, yon ogmantasyon 12.6 pousan pa rapò ak ane anvan an.
- 19,139 ka nalòksòn ke Sèvis Medikal Ijans lan te administre, yon ogmantasyon 11.8 pousan pa rapò ak ane anvan an.

OASAS sipèvizite youn nan pi gwo sistèm swen pou twoub itilizasyon sibstans nan peyi a ak anviwon 1,700 pwogram prevansyon, tretman, rediksyon domaj ak rekiperasyon k ap sèvi plis pase 680,000 moun chak ane. Antanke otorite eta a pou tretman opyoyid, OASAS kowòdone relasyon eta ak federal nan sèvis adiksyon yo epi li responsab tou pou kontwole itilizasyon fon règleman an pou asire ke fon yo ki nan bidjè a depanse pou objektif yo deziyen yo.

Menm jan tou, Depatman Sante a kontinye avanse yon varyete inisyativ rediksyon domaj pou redwi fado abi Opyoyid la ak depandans nan tout eta a. Sa a gen ladan New York MATTERS, yon sistèm referans elektwonik pou konekte moun ki gen maladi itilizasyon opyoyid ak sèvis tretman lokal ak rediksyon domaj, Inisyativ Depatman Sante Lokal (Local Health Department Initiative), ki bay finansman pou 24 depatman sante konte a ki gen pi gwo pousantaj dòz eksèsif andeyò Vil New York pou ranfòse pwogram swen prensipal, koreksyon, rediksyon domaj, depatman ijans yo, sekirite piblik; ak plis pase 900 pwogram prevansyon opyoyid ki anrejistre.

**Komisè pa Enterim Depatman Sante Eta New York la, John McDonald, te deklare,** "Epidemi opioid la kontinye afekte nou tout, antanke Ameriken ak Nouyòkè, epi Depatman Sante a bat bravo pou apwòch entè-ajans Gouvènè Hochul pwopose nan Eta Leta a pou rediksyon domaj pou sove lavi atravè tretman adiksyon opyoyid. Kòm rezilta, Depatman Sante a kontinye avèti piblik la sou danje opioid yo atravè mesaj medya sosyal yo ak lòt sous, sa ki ankouraje Nouyòkè yo rekonèt siy dòz eksef yo epi pou yo pwofite resous ki disponib atravè Pwogram Prevansyon Dòz Eksef Opyoyid ak nouvo lòd pèmanan pou naloksòn Depatman an nan tout eta a."

N ap jwenn tretman pou adiksyon ki disponib yo gen ladan swen pou kriz/dezentoksikasyon, swen malad ki entène yo, swen rezidansyèl, oswa swen pou pasyan ekstèn, lè nou itilize [Tablodò Disponibilite Tretman OASAS](#) la oswa sou [sitwèb ajans lan](#). Nouyòkè yo ki gen difikilte avèk yon adiksyon, oswa yon pwòch ki gen difikilte, ka jwenn èd ak lespwa lè yo rele liy telefòn gratis Eta a, HOPEline 24 èdtan, 7 jou pa semèn nan 1-877-8-HOPENY (1-877-846-7369) oswa lè ou voye tèks HOPENY (Kòd Kout 467369).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418